"Утверждаю"

# Открытый Урок на тему :

# Простые , сложные и составные Имена числительных

6 класс

## Тема: Рик1к1еналъул г1уц1и.

**Дарсил мурад:** 1.Лъималазул рик1к1еналъул баян гъварид гьаби.
2.Хъвавул калам цебет1езаби.

**Дарсил алатал:** таблица, т1ахьал.

**Дарсил ин.**

**1.Байбихьи.**

Салам кьун лъимал дарсиде х1адур гьарила.
**2.**Рокъобе кьураб х1алт1ул ц1ех-рех гьаби.
-Щиб кьун бук1араб рокъобе?
- Сунда абулеб рик1к1енилан?
-Кина-кинал рик1унел рик1к1енал?
-Иргадул рик1к1ен сунда абулеб?
Мисал баче.
-Къадаралъул рик1к1ен сунда абулеб?
Мисал баче.
Гьанже рач1а нилъеца хал гьабилин рокъобе кьураб х1алт1ул.
**1ц1.**Анц1гоялде жубани, микьго г1ола анц1ила микьго.
**2ц1**. Щуго ункъилъ кьабани, бач1уна къого.
**3ц1**. Лъабкъого анц1или щуйиде бикьани, бащалъула ункъо.
**4ц1**. Нусгоялдаса ункъоялда анц1ила ич1го бахъани, хут1ула цо.

**3.Ц1ияб тема.**

**1.**Жакъа нилъеца бицине буго рик1к1еналъул г1уц1иялъул х1акъалъулъ.
Г1уц1иялъул рахъалъ рик1к1енал рук1уна: г1адатал, журарал, составиял.
**2.**Г1адатал рик1к1енал абула цо кьибилалдасан г1уц1арал рик1к1еназда цо, къого, нусго, азарго, миллион.
Журарал рик1к1енал абула к1иго я ц1ик1к1ун кьибилалдасан г1уц1арал рик1к1еназда: к1икъого, анц1азарго, щунусазарго.
Составиял рик1к1ена г1уц1ун рук1уна к1иго я ц1ик1к1ун г1адатал жураралги рик1к1еназдасан.- анц1или к1иго, къоло щуго, нусиялда анц1ила микьго.
**3.**Щибаб группаялъул цо-цо рик1к1еналгун предложение г1уц1ила.
Дие инсуца къого гъурущ кьуна.
Расулие к1икъого сон т1убана.

ц1ила к1иго къоялдасан дир вац рокъове вач1уна.

## 4.Ц1ияб тема щула гьаби.

а) Дица нужее ц1алила рик1к1енал, нужеца абила гьел г1адаталищ, жураралищ, составиялищ.
15, 200, 1, 6, 300, 125, 10000, 30, 60, 7.

| Г1адатал | Журарал | Составиял |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

Доскаялде 1 ц1алдохъан вахъина вила.

**Шарада.**

«Д» х1арп бакьулъ бугони
«Ризгоялъул» антоним.
«Д» хисун, «б» хъванани,
Рик1к1еналде сверула. (лъедерго, лъеберго)

б) т1ахьаздасан х1алт1и.
х1алт1и 4. (ц1ализе)
Х1алт1и 7 (хъвазе)

**5.Дарсил х1асил.**
-Щиб ц1ияб жо малъараб дарсида.
- Гуц1иялъул рахъалъ кина-кинал гьел рук1унел?
- Г1адатал киназде абулеб? Мисал.
- Журарал киназде абулеб? Мисал.
- Составиял киназде абулеб? Мисал.

**Лъималазе къиматал лъела.**

**6. Рокъобе х1алт1и.**
& 25. Х1алт1и 7. (лъуг1изабизе).